



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 21 Fevriye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AMANNMAN BIDJÈ 30-JOU POU OTORIZE KAMERA POU KONTWOLE VITÈS NAN ZÒN LEKÒL NAN LONG ISLAND

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yon bidjè amannman 30-jou te entwodui pou enkli otorizasyon kamera adisyonèl pou kontwole vitès nan zòn lekòl yo nan konte Nassau ak Suffolk. Sipòte yon zòn nan chak distri lekòl nan Long Island, pwogram lan ap amelyore sekirite timoun yo, pyeton ak chofè nan zòn lekòl yo nan ankouraje chofè yo pou kondwi avèk prekosyon nan zòn sa yo ak sipòte efò ajans kap fè respekte lalwa pou kenbe vyolasyon ak prevni aksidan ki koze pa vitès.

“Vitès nan zòn lekòl yo mete timoun yo a risk, e amannman sa a se yon fason nou ka pi byen pwoteje elèv nou yo ak diminye sou kantite chofè iresponsab,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Amanman sa a pral pèmèt Konte Nassau ak Suffolk kontwole pi efikasan vitès nan zòn lekòl yo nan tout rejyon an, sa ki pral ede efò ajans kap fè respekte lalwa ak ankouraje chofè yo pou ralanti lè yap kondwi nan yon zòn lekòl. Sa a se yon pwopozisyon ki pral fè lekòl ak kominote nou yo pi ansekirite nan Long Island, e Mwen ankouraje lejislati a pou pase l ane sa a.”

Vyolasyon vitès limit se souvan yon faktè enpòtan nan aksidan ki lakòz lanmò oswa blesi chofè ak pyeton. Posibilite pou aksidan ki gen rapò avèk vitès ki enplike timoun yo se patikilyèman yon risk danjere nan zòn lekòl yo.

Anba pwovizyon aktyèl lwa nan Konte Nassau ak Suffolk, yon ofisye lapolis dwe prezan fizikman pou obsève yon vyolasyon vitès limit ak sèvi chofè machin lan yon sitasyon.

Amanman bidjè sa a deziyen kidonk Konte Nassau ak Suffolk kapab etabli yon pwogram pilòt avèk kamera sou vitès limit yon zòn pou chak distri lekòl e li baze sou lejislasyon similè ki te anvigè ane pase ki otorize Vil New York pou etabli yon pwogram pilòt pou kamera vitès nan zòn lekòl yo. Kamera yo pral ka anrejistre vyolasyon vitès pandan yap fèt, san li pa nesesè pou yon ofisye lapolis prezan sou sèn lan. Pwogram yo pral opere tankou pwogram kamera limyè wouj nan Konte Nassau ak Suffolk, Vil New York ak lòt gwo vil yo, ki te redwi avèk siksè frekans vyolasyon limyè wouj, finalman prevni aksidan ak blesi ak sove lavi.

Haitian Creole

Egzekitif Konte Nassau Ed Mangano te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman l pou pwoteje sekirite ak byennèt timoun nou yo. Administrasyon mwen an te travay san relach avèk ajans kap fè respektè lalwa pou pwoteje byen ki pi presye nou genyen e pwopozisyon Gouvènè a pral ede nou nan pouswit objektif sa.”

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Pa gen eskiz pou eksè vitès nan yon zòn lekòl pandan lè lekòl e kamera vitès yo te gen enpak nan ralanti chofè yo. Pwopozisyon sa a pral ede nan ba nou zouti pou amelyore sekirite ozanviwon lekòl nou yo lè elèv yo prezan, e Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te mete eleman sa a nan bidjè li a.”

Avèk aplikasyon fotografik ak lòt anrejistreman teknoloji, kamera vitès yo kapab kaptire prèv machin ki te depase vitès limit ki te etabli pou itilize pita nan aksyon legal kont chofè a. Teknoloji sa a aktyèlman an sèvis nan plizyè eta nan peyi a, enkli Utah, California, ak Arizona

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418